# RUS TILIN OQITIWDA MULTIMEDIA TEXNOLOGIYASINIŃ ROLI

**Saypova Nagima**
**I. Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebi pedagog tárbiyashısı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.15515668**

**Annotaciya.** Bul maqalada rus tilin oqıtıw procesinde multimedia texnologiyalarınıń tutqan ornı, olardıń bilim beriw nátiyjeliligine tásiri hám de oqıwshılardıń tilge bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıwdaǵı áhmiyeti kórsetilgen. Multimedia qurallarınan paydalanıwdıń abzallıqları menen birge, bar mashqalalar da kórip shıǵılǵan. Sonday-aq, mashqalalardı saplastırıw boyınsha ámeliy usınıslar berilgen.

**Tayanısh sózler:** Rus tili, multimedia texnologiyaları, interaktiv sabaq, málimleme-kommunikaciya texnologiyaları, bilim beriw nátiyjeliligi, metodikalıq qatnas.

**Kirisiw.** Házirgi kúnde dúnyada bilimlendiriw procesiniń túp-tiykarınan ózgerip atırǵanlıǵın baqlawımız múmkin. Sanlı texnologiyalardıń rawajlanıwı, atap aytqanda, multimedia texnologiyalarınıń keńnen engiziliwi bilimlendiriwdiń barlıq basqıshlarında sezilerli jańalanıwlarǵa sebep bolmaqta. Shet tillerin, ásirese, rus tilin úyreniw procesinde bul texnologiyalardıń ornı júdá áhmiyetli. Sebebi rus tili Ózbekstan bilimlendiriw sistemasında áhmiyetli pánlerden biri bolıp, kópshilik oqıwshı hám studentler bul tildi ózlestiriw arqalı tek ilimiy emes, al ámeliy jumıs sheńberin keńeytiw imkaniyatına iye boladı. Sonıń menen birge, dástúriy sabaq metodikalarınıń ózi házirgi oqıwshılardıń talabın tolıq qanaatlandıra almaydı. Endi oqıwshılardıń dúnyaqarası keńeygen, olar málimlemeni tez hám sapalı qabıl etiwdi qáleydi. Bunıń ushın bolsa zamanagóy, interaktiv hám vizual túrdegi qurallar kerek boladı. Bul jerde multimedia texnologiyaları áhmiyetli rol oynaydı. Bul maqalada rus tilin úyreniwde multimedia qurallarınıń áhmiyeti, abzallıqları, olardıń ámeliy qollanılıwı hám bar mashqalalar jáne olardı saplastırıw jolları keńnen sáwlelendiriledi.

Multimedia - bul bir waqıttıń ózinde hár túrli informaciya quralları: tekst, audio, video, grafikalıq, animaciya, interaktivlik hám basqa elementlerdiń úylesimli túrde birlestirilgen túri. Bul texnologiyalar zamanagóy bilimlendiriwde, ásirese, shet tillerin úyretiwde nátiyjelilikti arttırıw quralı sıpatında tán alınadı [5, 35-37]. Multimedia texnologiyalarınıń rus tilin úyreniwge unamlı tásiri bir neshe tiykarǵı baǵdarlarda kózge taslanadı. Audio materiallar, diktovkalar, rus tilindegi audiokitaplar, dawıslı sóylesiwler arqalı oqıwshı durıs sóylewdi úyrenedi. Máselen, "BBC Russian" yamasa "RT" kanalınıń audio-podkastları arqalı oqıwshılar tábiyǵıy rus tilin tıńlap, seslerdi parıqlawdı shınıǵadı. Interaktiv testler, oyınlar hám tapsırmalar arqalı rus tilindegi jańa sózler hám grammatikalıq qaǵıydalar ańsat ózlestiriledi. Máselen, "Quizlet," "Duolingo," "Memrise" sıyaqlı qosımshalar oqıwshınıń hár kúni shınıǵıwına járdem beredi. Onlayn platformalarda hár qıylı dárejedegi tekstlerdi oqıw, olardı tallaw, sholıw jazıw imkaniyatı bar. Bul arqalı tek ǵana oqıw tezligi artıp qoymastan, al jazıw kónlikpesi de qáliplesedi. Virtual sóylesiwler, onlayn forumlar, videokonferenciyalar arqalı oqıwshılar awızeki sóylewin bekkemleydi. Interaktiv tapsırmalar (máselen, "Roll Play" yamasa "Dialogue simulation") arqalı olar real turmıstaǵı sáwbetlerdi modellestiredi [2, 188-190].

Biraq, olardı engiziwde ayırım mashqalalar bar.Birinshiden, ayırım bilimlendiriw mákemelerinde texnikalıq qurallardıń jetispewshiligi yamasa olardıń gónergenligi sabaq procesin tolıq multimedia tiykarında alıp barıwǵa tosqınlıq etedi. Ekinshiden, kóplegen muǵallimlerde málimleme texnologiyalarınan paydalanıw boyınsha jeterli kónlikpe joq. Úshinshi mashqala bolsa - sabaqlar ushın jaratılǵan ayırım multimedia materiallarınıń

metodikalıq jaqtan tolıq tiykarlanbaǵanlıǵı bolıp, bul oqıwshılarda túsinbewshilik keltirip shıǵaradı. Bul mashqalalardı saplastırıw ushın, bárinen burın, bilimlendiriw mákemelerin zamanagóy texnikalıq qurallar menen tolıq támiyinlew zárúr. Sebebi sabaq procesinde multimedia texnologiyalarınan nátiyjeli paydalanıw texnikalıq baza bar bolganda gana imkaniyat jaratadı. Kompyuterler, interaktiv doskalar hám tez internet tarmaǵı - bulardıń barlıǵı zamanagóy sabaqlardıń ajıralmas bólegine aylanıwı kerek. Bunnan tısqarı, oqıtıwshılardıń málimleme-kommunikaciya texnologiyaları boyınsha mamanlıǵın arttırıw da úlken áhmiyetke iye. Hár bir pedagog multimedia qurallarının erkin qollanıwı, oqıwshılarǵa say hám zamanagóy bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwı zárúr. Bul baǵdarda turaqlı shólkemlestiriletuǵın qánigelik arttırıw kursları, seminar hám ámeliy sabaqlar áyne maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı. Sonıń menen birge, multimedia sabaqlıqların maman qánigeler, yaǵnıy tiltanıwshılar, metodistler hám IT tarawındaǵı qánigelerdiń qatnasıwında islep shıǵıw zárúr. Tek ilimiy-metodikalıq tiykarlangan hám didaktikalıq jaqtan duris dúzilgen elektron materiallar ǵana oqıwshılar ushin paydalı boliwi mumkin. Aqırında, mámleket kóleminde sapalı bilimlendiriw resursların jaratıw hám olardı barlıq bilimlendiriw mákemeleri ushın ashıq túrde usınıw zárúr. Bul arqalı muǵallimler hám oqıwshılar multimedia texnologiyalarınan keńnen paydalanıw imkaniyatına iye boladı. Nátiyjede, bilimlendiriwdiń sapası artadı, sabaqlar mazmunlı hám nátiyjeli boladı.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, multimedia texnologiyaları rus tilin úyretiw procesinde jańa imkaniyatlar ashadı. Bul texnologiyalar tek ǵana oqıw procesin janlandırıp qoymastan, al onı shaxsqa baǵdarlanǵan, interaktiv hám sapalı bilimlendiriwge aylandıradı. Rus tilin multimedia tiykarında oqıtıw oqıwshınıń sóylew xızmetin rawajlandıradı, óz betinshe bilim alıw imkaniyatın keńeytedi hám de tildi real kontekstte úyreniwge járdem beredi. Keleshekte multimedia quralları bilimlendiriw sistemasında keńirek orın iyelewi ushın mámleket hám jámiyet tárepinen qollap-quwatlaw, infrastrukturanı rawajlandırıw hám pedagog kadrlardı zamanagóy bilimler menen támiyinlew ayrıqsha áhmiyetke iye.

## References:
## Используемая литература:
## Foydalanilgan adabiyotlar:

1. Bazarbayevich, Ibragimov Farxod. "Rus tilini o’rgatishda zamonaviy metodlardan foydalanish va ularning." *Pedagogik islohotlar va ularning yechimlari* 12.01 (2025): 198-199.
2. Baxtiyorovna, Isamova Gulnaza. "Rus tilini o’rgatishda zamonaviy metodlardan foydalanish va ularning ta’siri." *Yangi Oʻzbekiston, Yangi tadqiqotlar jurnali* 1.2 (2024): 188-190.
3. Karamatovna, Musayeva Amina. "Zamonaviy o’qitish tizimida rus tilining talabalar muloqati samaradorligiga ta'siri." *Recent scientific discoveries and methodological research* 2.2 (2025): 65-72.
4. Xalquziyeva, Mohira, and Adiba Karimova. "Mamlakatimizda xorijiy tillarni oʻqitishda zamonaviy pedagogik texnologiyalardan foydalanish omillari." *Conference Proceedings: Fostering Your Research Spirit*. 2024.
5. Xayrutdinova Rushana."Rus tili o'qitishda o'yin metodikasi." *Universal xalqaro ilmiy jurnal* 1.7 (2024): 35-37.